

## **Depatman Itilite Piblik Massachusetts Fòmilè Dwa Sivil ak Plent Diskriminasyon an**

Se politik Depatman Itilite Piblik Massachusetts la (“DPU”) ke yo pap refize okenn moun avantaj oswa fè okenn moun sibi diskriminasyon, intimidasyon, oswa zak tire revanj nan nenpòt pwogram, sèvis, oswa aktivite DPU sou baz sèks moun nan, ras, koulè po, reliyon, kwayans, orijin nasyonal (ki gen ladan kapasite limite nan lang anglè), idantite seksyèl, revni, klas, andikap, laj, oryantasyon seksyèl, etnisite, enfòmasyon jenetik, zansèt, oswa estati veteran moun nan . DPU mande kontraktè li yo respekte politik sa a tou.

DPU a pa diskrimine sou baz sèks, ras, koulè po, reliyon, kwayans, orijin nasyonal (ki gen ladan kapasite limite nan lang anglè), idantite seksyèl, revni, klas, andikap, laj, oryantasyon seksyèl, etnisite, enfòmasyon jenetik, zansèt, oswa estati veteran nan administrasyon pwogram li yo oswa aktivite yo. DPU a pa tire revanj kont oswa intimide okenn moun poutèt li egzèse dwa li genyen pou patisipe nan aksyon ki pwoteje selon lwa Federal ak lwa eta a konsènan dwa sivil ak diskriminasyon; oswa poutèt li opoze aksyon ki entèdi selon lwa Federal ak lwa eta sou dwa sivil ak diskriminasyon, oswa pou objektif derespekte ak dwa sa yo. DPU a responsab pou kowòdone efò konfòmite yo e pou l reponn kesyon sou kondisyon diskriminasyon ki aplikab selon lwa Federal oswa lwa eta a, ki gen ladan Title VI nan Akò Dwa Sivil de 1964, jan li te modifye; Seksyon 504 nan Akò Reyabilitasyon de 1973; Akò Diskriminasyon sou Laj de 1975.

Nenpòt moun ki kwè ke li menm pèsònèlman, oswa nenpòt klas moun espesifik, te sibi diskriminasyon oswa te fè eksperyans intimidasyon oswa te viktim tire revanj pa DPU, nan nenpòt nan pwogram oswa aktivite yo, oswa nenpòt anplwaye oswa kontraktè yo te fè eksperyans yon bagay ki entèdi selon lwa Federal oswa lwa eta a konsènan diskriminasyon, kapab soumèt fòmilè plent sa a bay DPU. (Gade Seksyon 2 ak 3 anba a).

Plent lan dwe depoze nan 180 jou kalandriye apre dat(yo) aksyon diskriminasyon y ap akize a te fèt, dat yo te dekouvri aksyon an, oswa dènye dat kote aksyon kontinyèl la te fèt. Si diskriminasyon yo akize a baze sou yon seri de aksyon k ap kontinye, tanpri bay detay ki endike kilè diskriminasyon an te kòmanse epi kijan li kontinye atravè aksyon diskriminasyon ki pi resan an. Pwosedi plent DPU a pa anpeche moun ki depoze plent lan depoze plent fòmèl ak lòt ajans leta oswa ajans Federal, oswa chèche konsèy prive konsènan plent ki akize diskriminasyon.

### **Seksyon 1: Enfòmasyon Kontak**

Non:

Telefòn:

Telefòn (travay):

Adrès:	Vil, Eta, Zipkòd:
--------	-------------------

Èske w bezwen jwenn dokiman ki gen rapò ak pwosesis plent sa a nan yon lòt fòma ki pi aksesib?

Lèt Gwo Karaktè \_\_\_\_\_ Anrejistrman Odyo \_\_\_\_\_ Aparèy Telekomunikasyon pou Moun Soud (TDD) \_\_\_\_\_ Lòt \_\_\_\_\_

Si wi, kontakte Kowòdonatè Kont Diskriminasyon DPU a, Andrea Rivera Casul nan (857) 274-6194 oswa [andrea.r.casul@mass.gov](mailto:andrea.r.casul@mass.gov).

Sèvis Transfè TTY# Mass 1-800-439-2370

## Seksyon 2: Plent Diskriminasyon

Dat zak diskriminasyon akize a te fèt, oswa dat moun k ap pòte plent lan te vin okouran de diskriminason an, oswa dat dènye fwa diskriminasyon an te fèt ki fè pati yon seri aksyon yo akize pou diskriminasyon:

Non(yo), adrès(yo), ak tit(yo) de moun ofisyèl oswa konpayi yo akize pou diskriminasyon:

Lokal DPU kote aksyon an te fèt, si aplikab:

Non, adrès ak nimewo telefòn avoka w oswa reprezantan ou otorize a, si aplikab:

Non(yo), adrès(yo), nimewo telefòn(yo) de moun(yo) ki te sibi diskriminasyon an (si se pa menm moun ak moun k ap ranpli plent lan), ak yon esplikasyon de relasyon moun k ap ranpli plent lan genyen ansanm ak moun(yo):

### **Tanpri endike sou ki baz(yo) ou kwè diskriminasyon an te fèt:**

#### **Kategori ki pwoteje anba Lwa Dwa Sivil Federal yo:**

<input type="checkbox"/> Ras	<input type="checkbox"/> Koulè po	<input type="checkbox"/> Orijin Nasyonal (san wete pa byen konprann lang anglè)
<input type="checkbox"/> Andikap	<input type="checkbox"/> Sèks	<input type="checkbox"/> Laj <input type="checkbox"/> Intimidasyon ak/oswa Tire Revanj

#### **Kategori ki pwoteje anba Lwa/Lòd Eta yo:**

<input type="checkbox"/> Andikap	<input type="checkbox"/> Kwayans	<input type="checkbox"/> Sèks	<input type="checkbox"/> Oryantasyon Seksyèl	<input type="checkbox"/> Relijyon	<input type="checkbox"/> Zansèt
<input type="checkbox"/> Sèks	<input type="checkbox"/> Etnisite	<input type="checkbox"/> Laj	<input type="checkbox"/> Idantite Seksyèl	<input type="checkbox"/> Oryantasyon Seksyèl	<input type="checkbox"/> Estati Veteran
<input type="checkbox"/> Istwa	<input type="checkbox"/> Lòt (esplike)				

Esplike an brèf e byen klè sa k te pase epi kijan ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou. Endike ki moun ki te enplike. Asire w tou esplike kijan yo te trete lòt moun nan piblik la yon fason diferan pase w. Tou enkli nenpòt materyèl ekri ki gen rapò ak plent ou, ki gen ladan I enfòmasyon kontak pou nenpòt temwen aksyon(yo) ki vin leve plent lan. Si w bezwen plis espas, itilize fèy adisyonèl.

### **Seksyon 3: Èske w te gentan ranpli yon plent ak nenpòt lòt ajans eta, minisipal, Federal oswa tribunal?**

Wi

Non

Si w reponn wi pou kesyon pi wo a, tanpri bay non ajans(yo) ak enfòmasyon kontak moun nan ajans/tribunal kote w te depoze plent lan. Ou gendwa itilize fèy adisyonèl si nesesè.

**Non Ajans(yo):**

**Non Moun nan:**

**Adrès:**

Vil:

Eta:

Zipkòd:

**Nimewo Telefòn:**

**Tanpri Note:** Ou gendwa depoze yon plent Tit VI ak yon ajans Federal oswa ak Biwo Jistik Anviwònmantal (Office of Environmental Justice) EEA/DPU a oswa ak toulède. Ou gendwa depoze plent ak Biwo Jistik Anviwònmantal EEA/DPU a nan adrès ki site nan dènye paj fòmilè sa a.

**Se pou w konnen:** Se sèlman plent ki baze sou pwoteksyon eta yo ki gendwa depoze ak DPU a.

## Seksyon 5: Siyen:

Tanpri siyen pi ba a. Ou gendwa afiche nenpòt materyèl alekri oswa lòt enfòmasyon ou jije ki enpòtan pou plent ou.

Siyen ak konesans sou lwa ak pinisyon ki gen pou moun ki bay fo enfòmasyon, \_\_\_\_\_<sup>yèm</sup> jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_.

\_\_\_\_\_  
Siyen

**NOTE: DPU a pa ka aksepte yon plent oswa yon doleyans san li pa siyen.**

**Tanpri remèt fòmilè konplete a pa imèl oswa pa lapòs nan:**

**Department of Public Utilities  
One South Station, Third Floor,  
Boston, MA 02110  
Attn: Andrea Casul, Non-Discrimination Coordinator  
Imèl: [andrea.r.casul@mass.gov](mailto:andrea.r.casul@mass.gov)**